



Pwogram Plan Sekou Ameriken pou COVID-19

Aplikasyon pou Sibvansyon Federal 2022

FAQ

Kontèks

Nan 2021, [Ujima](#): Sant Nasyonal sou Vyolans Kont Fanm nan Kominote Nwa a (Ujima) te resevwa finansman Plan Sekou Ameriken an nan men Depatman Sèvis Sante ak Sèvizimèn Etazini an (HHS) pou amelyore sèvis pou viktim ak sivivan Nwa sou vyolans domestik la; pou ogmante aksè pou pwogram ki espesifik sou plan kiltirèl k ap sèvi nan kominote Nwa a; ak pou abòde baryè sistèmik ki soti nan kominote Nwa ki te sibi enpak kriz ekonomik ak kriz sante kominotè COVID-19 la yon fason diferan. Avèk finansman sa a, Ujima pral lanse yon Pwogram Sibvansyon ki Espesifik sou plan Kiltirèl ki fèt pou bay \$5.2 milyon pou òganizasyon kominotè ki espesifik sou plan kiltirèl k ap bay sèvis dirèk pou sivivan Nwa yo.

Ujima prevwa finansman anviwon 17 òganizasyon Ozetazini avèk yon montan sibvansyon ki klase soti \$25,000 - \$175,000.

Ann Kòmanse

K: Èske òganizasyon mwen an elijib pou finansman?

R: Tout moun k ap chèche sibvansyon yo dwe satisfè kritè minimòm pou kapab elijib pou finansman atravè pwosesis sibvansyon konpetitif Ujima a, ki genyen ladan:

- Posede yon nimewo EIN ki legalman anrejistre
- Dwe anrejistre nan eta ou an
- Demontre eksperyans obligatwa ki nesèsè pou kapasite teknik
- Genyen yon entèdiksyon kont frè pwogram yo
- Enkli yon sètifikasyon pou konfli enterè

****Tanpri sonje ke òganizasyon ou an pa obligatwa pou genyen estati 501(c) (3) pou kapab elijib pou finansman. Sepandan, egzijans adisyonèl yo pral aplike. Tanpri gade anons finansman an pou jwenn enfòmasyon detay.**

Gadyen lyen sa a ([klike isit la](#)) pou revize tout lis kritè kandida a.

K: Ki kalandriye aplikasyon ak finansman ki genyen?

R: Gade anba a pou jwenn dat ki enpòtan pou konnen. Kèk dat kapab chanje. 7 & 9

Septanm: Enfòmasyon sou Sesyon an

30 Septanm: Videyo ak Dat Limit Aplikasyon Ki Ranpli

7 Oktòb -21 Oktòb: Revizyon Aplikasyon an

21 Oktòb -4 Novanm : Notifikasyon Atribisyon

TBD: Oryantasyon pou Sibvansyon

Aplikasyon An

K: Èske mwen oblije soumèt tout aplikasyon an alafwa pou kapab elijib pou finansman?

R: Wi. **** Nòt:** Ou anmezi pou anrejistre aplikasyon an antanke yon dokiman travay; sepandan, aplikasyon an dwe soumèt toudenkou. ******

K: Kisa ki konstitiye yon aplikasyon ki konplè?

R: Aplikasyon ou an pral soumèt an de pati: aplikasyon ki detaye ak prezantasyon videyo a. Ou pral bay detay sou aplikasyon ou an yon fason nimerik pandan w ap itilize fòmilè sou entènèt, ki pral soumèt. Pati ki detaye sou aplikasyon ou an pral genyen ladan tout enfòmasyon ki egzije pou sibvansyon an jan sa mansyone anba a. Aprann plis sou egzijans sa yo ak fason pou soumèt detay aplikasyon ou an pandan w ap itilize lyen sa a ([klike isit la](#)).

1. Videyo
2. Lèt Motivasyon/Paj
3. Tabdèmatyè
4. PATI A: Ekspoze Pwogram nan
5. PATI B: Kalandriye Pwogram nan
6. PATI C: Bidjè ak Ekspoze Bidjè a

7. Anèks – Tout Atachman oswa Anèks yo egzije

K: Kisa prezantasyon videyo a genyen ladan?

R: Konpozan videyo aplikasyon konsolide a se opòtinite w pou kapab kreyatif! Montre nou kilès ou ye ak kisa pwogram ou an vle di pou sivivan w ap sèvi yo. Sa se yon fason ki amizan epi inik pou ekip revizyon sibvansyon an wè pèsonalite w, pou konprann apwòch ou sou pwogram nan, epi tande w dirèkteman.

****Nòt:** Videyo konsolide ou an pa dwe depase 10 minit nan longè.**

K: Kijan mwen ka kreye videyo prezantasyon an?

R: Anba a w ap jwenn konsèy sou anrejistre videyo ki itil:

- Tout aparèy videyo anrejistremman an akseptab, ki genyen ladan telefòn selilè.
- Tanpri itilize YouTube pou anrejistre videyo ou an. Ou pral soumèt lyen anrejistremman videyo a pa mwayen yon fòmilè sou entènèt.
- Anvan anrejistremman an, konsidere sa ou pral prezante a ak kantite tan ki pral nesesè.
- Vire aparèy anrejistremman an nan fason orizontal.
- Eseye genyen yon gran limyè nan zòn kote w ap anrejistre a epi teste odyo a anvan ou anrejistre l.
- Apre anrejistremman an, fè yon moun teste ouvèti epi revize videyo ou an anvan ou soumèt vèsyon final la.
- Si ou bezwen asistans pou soumèt videyo ou an, tanpri kontakte applications@ujimacommunity.org.

Pou jwenn enstriksyon pou kreye chèn YouTube ou an ak fason pou videyo non-repètorye ou an ([Klike Isit la](#))

K: Ki montan sibvansyon ki disponib?

R: Sibvansyon yo pral ant \$25,000 - \$175,000.

K: Èske Ujima pral fè swivi si aplikasyon sibvansyon mwen an bezwen sibvansyon?

R: Wi, nou pral fè swivi jan sa nesesè. Nou sijere pou ou mande yon moun pou revize aplikasyon ou an anvan ou soumèt li.

K: Èske mwen ka rankontre Ujima anvan mwen aplike?

R: Prezantasyon videyo ak aplikasyon ou an pral sèvi kòm entwodiksyon ak rezime pou pwojè ou an. Tanpri pa ezite vizite sit entènèt nou an pou aprann plis sou nou nan www.ujimacommunity.org.

Finans ak Bidjè

K: Ki enfòmasyon finansye ki nesèsè?

R: Pakè aplikasyon ki konplè ou an dwe genyen ladan yon bidjè, yon ekspoze bidjè ki detaye, ak dokiman finansye ki nesèsè. Gade anons finansman an pou jwenn plis detay ([klike isit la](#)).

Rezolisyon pwoblèm

K: Kilès mwen ka kontakte si mwen genyen kesyon oswa si mwen bezwen èd?

R: Tanpri tout kesyon yo pa imèl bay: applications@ujimacommunity.org.